



Pou Piblikasyon Imedya: 23/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN PWOJÈ 38.2 MILYON DOLA POU TÈMINE RESTORASYON PON ISTORIK CASTLETON-ON-HUDSON THRUWAY LA NAN RIVYÈ HUDSON NAN KONTE ALBANY AK RENSSELAER

Pwojè a pasyèlman finanse pa yon sibvansyon 21 milyon dola ke Pwogram Investisman nan Pon Administrasyon Otowout Federal USDOT la bay

Pwojè milti faz la pral ranplase tabliye pon nan direksyon lès la, repare asye ak lòt amelyorasyon sekirite pral amelyore rezistans Castleton lan epi pwolonje dire lavi pon istorik la pou 50 ane

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te anonse kòmansman yon pwojè reyabilitasyon ak rezistans sipèstrikti yon pon 38.2 milyon dola sou Pon Castleton-On-Hudson istorik la nan Rivyè Hudson ki konekte konte Albany ak Rensselaer. Pwojè a se etap final la nan restorasyon Otorite Thruway nan pon an pout ble ki gen plis pase yon km edmi ki vwayaje pa plis pase sis milyon veyikil chak ane epi li se yon pòtay ekonomik vital pou aktivite touris ak komèsyal k ap vwayaje soti nan New England ale nan Eta New York ak odela.

"Administrasyon Biden-Harris la konprann enpòtans pou investi nan enfrastrikti pou ranfòse ak kenbe ekonomi yo, alafwa lokalman ak atravè peyi a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pon Castleton lan antre pami plizyè milye pon nan New York ki enpòtan anpil pou transpòte moun ak machandiz. Mwen apresye Otorite Thruway la ak patnè federal nou yo pou sipò yo ak efò yo pou modènize sistèm transpò nou an."

Pwojè a ap finanse pasyèlman pa yon sibvansyon federal 21 milyon dola ke yo te bay Otorite Thruway an [avril 2023](#) pou aplikasyon [2022 sibvansyon](#) pa yo pou restore Pon Castleton-on-Hudson lan nan kad [Pwogram Investisman nan Pon](#) Administration Otowout Federal (Department of Transport, DOT) Etazini an.

Direktè Egzekitif Otorite Thruway la, Frank G. Hoare, te deklare, "Avèk sipò patnè federal nou yo nan Depatman Transpò Ameriken an, Castleton Bridge ap kontinye sèvi plizyè milyon chofè pandan plizyè deseni k ap vini yo. Pwojè sa a pral pwolonje siyifikativman lavi sipèstrikti a epi lè li itilize finansman sibvansyon an, li pèmèt Otorite a asiyen resous nan lòt pwojè transfòmasyon enpòtan nan tout eta a."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Pon Castleton-On-Hudson a se yon konektè ki enpòtan nan Rejyon Kapital la ki konekte konte Albany ak Rensselaer ak Thruway Eta New York ak Berkshire Spur ak Massachusetts Turnpike, men enfrastrikti deteryorasyon li yo te mete vwayajè nan Nò Eta yo an danje epi anpeche devlopman ekonomik. Mwen te goumen pou ogmante finansman pou Pwogram Envestisman nan Pon Federal la lè mwen te kreye Lwa sou Envestisman nan Enfrastrikti ak Travay Bilateral mwen an ak amelyorasyon tankou sa a nan lespri mwen. Kounye a, pwogram sa a ap bay plizyè milyon sipò federal, dènye bourad ki nesèsè nan pwojè sa a pou pwolonje dire lavi pon an sou plis pase 50 ane, pou ranfòse ekonomi Rejyon Kapital la epi bay vwayajè yo yon vwayaj ki pi an sekirite, ak pi pwoteje. Mwen rekonesan pou patenarya Gouvènè Hochul pou asire pon sa a pare ak an sekirite pou moun itilize."

Manm Kongrè Paul Tonko te deklare, "Pandan plizyè ane ki sot pase yo, mwen te fyè pou m mete presyon pou finansman federal pou amelyore enfrastrikti enpòtan Rejyon Kapital nou an epi asire sikilasyon moun ak machandiz san danje epi efikas atravè rejyon nou an. Se poutèt sa jodi a, mwen kontan selebre kòmansman etap final restorasyon Pont istorik Castleton-on-Hudson lan. Pwojè sa a, ansanm ak lòt mizajou enfrastrikti atravè Eta New York, pral bay benefis enpòtan pou vwayajè lokal nou yo, ti biznis yo, ak tout ekonomi rejyonal nou an. Envestisman nan pon nou yo ede ranfòse koneksyon vital yo ki fè kominote nou yo ap pwospere ak vanse, epi mwen anvi wè ki jan finisman pwojè sa a pral sipòte rezidan Rejyon Kapital la pandan plizyè ane."

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Envesti nan Thruway nou an, sitou Castleton-on-Hudson, ranfòse angajman Eta New York pou pwoteje ak amelyore enfrastrikti nou an nan tout eta a, kidonk sa k ap ranfòse devlopman ekonomik ak kalite lavi nou. Amelyorasyon ak renovasyon sekirite pral benefisyè alafwa rezidan yo ak moun ki vizite zòn nan lè yo amelyore fyabilite Thruway la."

Ouvri an 1958, Pon Castleton-On-Hudson, ke tout moun konnen sou non Pon Castleton (Castleton Bridge), konekte seksyon Berkshire Spur ak liy prensipal Thruway la (I-87), epi pote sikilasyon sou Rivyè Hudson lan ansanm ak Pak Eta Schodack Island. Castleton Bridge kanpe apeprè 135 pye anlè Rivyè Hudson epi li gen ladan l 43 segman ak plis pase 364,000 pye kare tabliye beton. Premye etap pwojè a ap kòmanse kounye a epi li gen ladan konstriksyon de zòn kwazman ki pral pèmèt yon chanjman sikilasyon k ap kòmanse nan prentan 2025, ansanm ak travay anba pon an.

Nan prentan 2025, sikilasyon nan direksyon lès k ap antre nan Berkshire Spur apati liy prensipal Thruway (I-87) pral deplase nan liy direksyon lwès pon an pandan ke ekip konstriksyon yo retire epi ranplase nèt pon an nan direksyon lès. Pandan etap sa a, tout sikilasyon sou Castleton Bridge ap rete diminye jiska yon vwa sikilasyon nan chak direksyon. Chanjman sikilasyon an prevwa rive nan otòn 2025.

Pwojè a gen ladan tou reparasyon asye pou pout ak kad yo, ranplasan apwi pon yo ak amelyorasyon sekirite ki gen ladan ranplasan ray pon yo, nouvo pano woutye,

delimitatè bòn kilometrik makaj pave reflektif ak delimitatè woutye sonò freze (milled-in audible roadway delineators, MIARDs).

Se DA Collins Construction nan Wilton, New York yo te chwazi kòm kontraktè pou pwojè a apre yon [pwosesis òf konpetitif](#).

Pwojè yo prevwa fini nan sezon ete 2026

Pandan twa dènye ane yo, Otorite Thruway la envesti apeprè 85 milyon dola nan restorasyon Castleton Bridge la. An 2023, yon [pwojè](#) 47.6 milyon dola sou Pon Castleton lan te kòmanse ki gen ladan ranplasman teras vwa sikilasyon nan direksyon lwès yo, reparasyon teras vwa sikilasyon nan direksyon lès yo, ranplasman medyàn sant lan ak reparasyon asye pon an. Pwojè sa a se premye gwo reyabilitasyon sou sifas pou kondwi sou Pon Castleton depi 2009. An 2016 yo te repentire kad an asye yo epi ekip antretyen Thruway la te fè antretyen woutin regilyèman pou pwolonje dire lavi sifas pou kondwi a. Avèk achèvmman de pwojè sa yo, dire lavi sèvis yo prevwa pou gwo estrikti a pral pwolonje pou apeprè 50 ane.

Chofè veyikil amotè yo ta dwe rete veyatif epi respekte limit vitès ki afiche nan zòn travo yo. Yo double amann pou vitès nan yon zòn travay.

Pou plis amelyore sekirite travayè yo nan yon zòn travay, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon ki etabli pwogram pilòt Otomatik pou Kontwòl Vitès Zòn Travay la. Pwogram ranfòsman sekirite a te kòmanse an avril 2023 epi li ap an vigè nan plizyè zòn konstriksyon aktif sou Thruway la. Zòn travay ki gen aplikasyon kamera vitès ap genyen siyalizasyon klè k ap abouti sou sa epi chofè ki vyolè limit vitès ki afiche nan zòn travay la ap lakoz yon amann. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan [isit la](#).

Sibvansyon Federal Otorite Thruway la

Otorite a te aplike pou epi jwenn plis pase 64 milyon dola nan finansman federal nan pwogram sibvansyon konpetitif ki finanse pa Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la depi 2021. An avril 2024, Otorite Thruway la te resevwa yon sibvansyon federal [39 milyon dola](#) pou amelyorasyon enfrastrikti nan Pon South Grand Island nan Lwès New York. Pon orijinal Grand Island yo te konstwi an 1935 epi yo pral sibi ranfòsman ak amelyorasyon esansyèl pou fè yo pi rezistan kont chaj sismik ke yon tranblemanntè lakoz.

Otorite a kontinye chèche tout opòtinite finansman sibvansyon ki kalifye yo. Ou ka jwenn yon lis konplè aplikasyon sibvansyon ak rezilta yo [isit la](#).

Enfòmasyon sou Otorite Thruway

Thruway Gouvènè Thomas E. Dewey la ki te konstwi nan kòmansman ane 1950 yo, se youn nan pi ansyen Sistèm Otowout Nasyonal Ant Eta yo epi youn nan wout peyaj ki pi long nan peyi a. Antretyen ak operasyon sistèm Thruway la finanse prensipalman pa mwayen peyaj. Otorite Thruway pa resevwa okenn lajan taks federal, eta oswa lokal epi li jwenn finansman nan men moun k ap kondui sou Thruway la, kote yon tyè nan chofè yo soti andeyò eta a.

Thruway yo konsidere kòm youn nan wout ki pi an sekirite nan peyi a ak yon to fatalite ki lajman anba endis nan tout peyi a, epi to peyaj yo pami yo pami to ki pi ba nan peyi a konpare ak wout peyaj ki menm jan. Tarif peyaj debaz machin pasaje Thruway la pi piti pase 0.05 dola pou chak 1.60 km, konpare ak Ohio Turnpike (0.06 dola pou chak 1.60 km), New Jersey Turnpike (0.11 dola ak 0.31 dola pou chak 1.60 km) ak Pennsylvania Turnpike (0.14 dola pou chak 1.60 km).

Bidjè 2024 Otorite a investi yon total 451 milyon dola pou sipòte Pwogram Investisman li a, ki ta dwe investi 2.4 milya dola nan pwojè investisman pandan senk ane k ap vini yo—yon ogmantasyon 500 milyon dola apre ajisteman nan peyaj ki te adopte e ki antre an vigè 1ye janvye 2024. Ogmantasyon investisman an pral mennen nan travay sou apeprè mwatye nan plis pase 4,500 km vwa Thruway yo ansanm ak pwojè sou apeprè 90 nan 817 pon Thruway yo.

Pou enfòmasyon deplasman ki ajou, nou ankouraje chofè yo telechaje [aplikasyon mobil](#) la ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk nan tan reyèl ak asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Vwayajè yo ka vizite [Kat Vwayaj entèaktif](#) Otorite Thruway a ki ofri aksè pou wè kamera sikilasyon yo nan tan reyèl. Otomobilis yo ka [enskri pou yo resevwa imèl TRANSalert](#) tou k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway la.

Pou plis enfòmasyon, swiv Thruway la sou [Facebook](#), [X](#) ak [Instagram](#), oswa vizite thruway.ny.gov.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)